

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN
ETAZINI

Jedi 16 Jen 2011 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Premye Pati a gen 50 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Seksyon A nan Pati III a gen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Seksyon B nan Pati III a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab epi ou p ap jwenn nòt pou li.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Eksplikasyon (1-50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Sous primè enfòmasyon sou epòk kolonyal la te ka gen ladan youn

- (1) atik jounal yon manm Dezyèm Kongrè Kontinantal la
- (2) pasaj nan liv konsènan kolonizasyon Pennsylvania
- (3) dènye atik jounal ki selebre anivèsè nesans Patrick Henry
- (4) pwogram televizyon sou Deklarasyon Endepandan

2 Ki zòn jeyografik Acha Lwizyàn te ajoute sou Etazini?

- (1) Apalach yo
- (2) Vale Rivyè Columbia
- (3) Grann Plèn yo
- (4) Plato Piedmont

3 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- | |
|---|
| I. _____
A. Kontra Mayflower
B. Chanm Reprezantan Bègès
C. Asanble Jeneral New England |
|---|

- (1) Tantativ pou Ranvèsè Dominasyon Britanik
- (2) Devlopman Endepandans Koloni Ameriken yo
- (3) Kreyasyon Kontwòl Palmantè Britanik sou Koloni yo
- (4) Mouvmman pou Refòm Sosyal nan Koloni Ameriken yo

4 Nan ane 1700 yo, komès triyangilè te mennen dirèkteman nan

- (1) wòl koloni mitan yo kòm chèf enpòtatè pwodui agrikòl
- (2) endistriyalizasyon rapid koloni sid yo
- (3) bèss nan ekonomi New England
- (4) ogmantasyon enpòtasyon esklav afriken yo nan Emisfè Oksidantal

5 Kolon ameriken yo te montre opozisyon yo pou taksasyon britanik ak restriksyon sou komès ane 1760 yo sitou lè yo te

- (1) sipòte Franse yo kont Britanik yo
- (2) bòykote pwodui ki sòti nan Grannbretay
- (3) kapote gouvènè wayal yo nan pifò koloni yo
- (4) achte pwodui adisyonèl nan tribi endyen-ameriken natifnatal yo

6 Ki lide ki te gide devlopman Atik Konfederasyon an?

- (1) Yon gouvènman santral ki pisan ta ka menase dwa moun yo.
- (2) Yo ta dwe akòde dwa pou tout moun vote.
- (3) Pifò pouvwa a ta dwe rete nan branch jidisyèl a.
- (4) Se sèlman gouvènman santral la ki ta dwe gen pouvwa pou enpoze taks.

7 "...Akimilasyon tout pouvwa yo, lejislatif, egzekitif ak jidisyèl, kit se nan youn, nan yon ti kantite, oswa nan anpil, epi kit se pouvwa ki ereditè, oto-lonmen, oswa elektif, ka pwononse egzakteman menm definisyon tirani...."

— James Madison

Ki patikularite Konstitisyon Etazini ki te ajoute pou abòde enkyetid James Madison te ekspriye a?

- (1) kolèj elektoral
- (2) sistèm pouvwa ekilibre
- (3) Deklarasyon Dwa Moun
- (4) pwosesis amannman

8 Objektif primè *Papye Federalis* yo se te pou

- (1) jistifye Revolisyon Ameriken an pou kolon yo
- (2) Ankouraje kontinyasyon dominasyon britanik
- (3) ankouraje ratifikasyon Konstitisyon Etazini an
- (4) sipòte eleksyon George Washington kòm prezidan

9 Ki deklarasyon pi egzat ki eksplike pou kisa enstitisyon esklavaj la te kontinye anba Konstitisyon orijinal Etazini?

- (1) Premye sistèm faktori a te depannde travay esklav yo.
- (2) Pifò fanmi ameriken yo te posede plizyè esklav.
- (3) Revòlt esklav yo te fè pifò moun blan yo vin pa dakò pou Ameriken nwa yo jwenn libète.
- (4) Eta sid yo pa ta dakò pou yon konstitisyon ki te entèdi esklavaj.

10 Kloz fleksib Konstitisyon Etazini bay Kongrè a pouvwa pou

- (1) “fè règ pou gouvènman an ak règleman tè ak fòs naval;...”
- (2) “kontwole komès avèk nasyon etranje, epi pami plizyè eta, epitou avèk tribi endyen yo;...”
- (3) “prepare ak kolekte taks, responsablite, enpòtasyon ak taks,...”
- (4) “fè tout lwa ki dwe nesesè yo ak kòrèk pou egzekite pouvwa ki endike anvan yo,...”

11 Kisa ki te yon efè enpòtan desizyon Tribinal Siprèm te pran anba Prezidan Tribinal Siprèm John Marshall (1801–1835)?

- (1) Pouvwa gouvènman federal la te ogmante.
- (2) Pwolongasyon esklavaj te limite.
- (3) Prezidan an te gen restriksyon pou itilize pouvwa veto a.
- (4) Eta yo te jwenn plis kontwòl sou komès ant eta.

12 Kijan reyalizasyon Kannal Erie nan ane 1825 te afekte komès Etazini?

- (1) Vil New York te pèdi biznis kòm lè sant manifakti yo t ap devlope nan Lwès.
- (2) Ekspòtasyon Etazini nan peyi ewopeyen yo te diminye.
- (3) Kiltivatè lwès yo te vin gen pi bon aksè nan mache Lakòt Lès la.
- (4) Midwès la te vin sant pwodiksyon twal.


13 Pandan ane 1830 yo, devlopman yon sistèm politik nasyonal a de (2) pati se te sitou rezilta

- (1) konfli sou itilizasyon Doktrin Monroe
- (2) deba sou Bank Nasyonal ak sou dwa ladwàn yo
- (3) konfli sou fwontyè Oregon
- (4) kontwovès sou Lwa pou Deplasman Endyen yo

ALE NAN PWOCHEN PAJ LA ⇨

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 ak 15.

Etazini an 1821



Sous: Robert A. Divine et al., *America: Past and Present*, Addison Wesley Longman, 1999 (adapte)

14 Kat jeyografik la montre konsekans sou Etazini

- (1) Gran Konpwomi
- (2) Konpwomi Missouri
- (3) desizyon Dred Scott
- (4) Pwoklamasyon Emansipasyon

15 Enfòmasyon ki sou kat jeyografik la sipòte konklizyon lidè Kongrè a te vle nan ane 1820 ak 1821 pou

- (1) konsève yon kantite egal eta lib ak eta esklavajis
- (2) entèdi esklavaj nan lwès Rivyè Mississippi
- (3) mennen esklavaj nan Peyi Oregon
- (4) louvri teritwa yo nan Nò pou esklavaj

Sèvi ak tablo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou kesyon 16.

Manifakti Ameriken selon Rejyon, 1860

Rejyon	Kantite Bilding Manifakti	Kantite Travayè an Mwayèn	Valè Anyèl Pwodui
Eta New England yo	20,671	391,836	\$468,599,287
Eta Mitan yo	53,387	546,243	\$802,338,392
Eta Sid yo	20 631	110,721	\$155,531,281
Eta Lwès yo	36,785	209,909	\$384,606,530

Sous: Bailey and Kennedy, *The American Pageant: A History of the Republic*, D.C. Heath And Company, 1987 (adapte)

16 Ki konklizyon ki kapab pi byen fèt nan enfòmasyon ki nan tablo sa a?

- (1) Eta sid yo t ap dirije nasyon an nan manifakti.
- (2) Pwodiksyon manifakti nan eta Lwès yo te depase sa ki nan eta New England yo.
- (3) Eta Mitan yo t ap dirije nasyon an nan tout kategori ki asosye ak manifakti.
- (4) Eta New England yo te depannde agrikilti pi plis pase manifakti.

17 Ki agiman Prezidan Abraham Lincoln te itilize pou eksplike politik konplezans pou Sid la apre Gè Sivil la?

- (1) Pifò Sidis yo te rete fidèl a Inyon an pandan lagè a.
- (2) Pifò Sidis yo vle akòz egalite pou ansyen esklav yo.
- (3) Gouvènman federal la pa gen otorite pou ini eta yo pou sesesyon.
- (4) Li enpòtan pou geri blesi nasyon an byen vit.

18 Nan Konpwomi 1877 la ki te mete yon pwen final nan Rekonstwiksyon an, Repibliken yo te dakò pou

- (1) retire twoup federal yo nan Sid la
- (2) sipòte Kòd Nwa yo
- (3) akòde prezidans lan ba Demokrat Samuel Tilden
- (4) aksepte desizyon Tribinal Siprèm nan pwosè *Dred Scott v. Sanford*

19 Nan fen ane 1800 yo, devlopman endistriyèl rapid te lakòz

- (1) yon diminisyon nan tarif dwa ladwàn yo
- (2) yon diminisyon nan kwasans popilasyon an
- (3) yon ogmantasyon nan ritm ibanizasyon an
- (4) yon ogmantasyon nan pri pwodui agrikòl yo

20 Ki patikularite jeyografik ki konekte chan minrè fè Midwès ki nan fon nò ak sant asye prensipal yo?

- (1) Gran Lak yo
- (2) Gòlf Meksik
- (3) Rivyè Hudson
- (4) Vale Rivyè Tennessee

21 Fòmasyon sendika nasyonal nan fen ane 1800 yo se te sitou yon repons pou

- (1) pasaj lwa federal ki te anfavè travayè yo
- (2) lwa ki te mete restriksyon sou imigrasyon ak natiralizasyon
- (3) move kondisyon travay ak salè ba nan anpil endistri
- (4) depresyon ekonomik te lakòz anpil chomaj

22 Yo te pètèt deklare ilegal anpil fidisi komèsyal ki te kreye nan fen ane 1800 yo sitou paske yo te

- (1) elimine konpetisyon lè yo te fòme monopòl
- (2) melanje konpayi ki te manifaktire diferan pwodui
- (3) fè don gwo kantite sòm lajan pou kandida politik yo
- (4) pèmèt timoun travay nan kondisyon ki pa t pwoteje

23 Yo te vote pou tès alfabetizasyon ak kloz granpapa nan Sid la apre Epòk Rekonstwiksyon an sitou pou

- (1) ogmante kantite elektè fanm yo
- (2) limite kantite elektè Ameriken nwa yo
- (3) garanti elektè yo te ka li ak ekri
- (4) asire ansyen esklav yo te satisfè egzijans pwopriyete a

24 Upton Sinclair, Frank Norris, ak Ida Tarbell te fè pi gwo kontribisyon nan mouvman Pwogresis la lè yo te

- (1) travay pou mete yon pwen final nan koripsyon politik nan vil yo
- (2) pran pozisyon pou dwa egal Latino-Ameriken yo
- (3) te sipòte lejislasyon pou amelyore ansyen lojman yo
- (4) pibliye liv ak atik pou ekspozè pwoblèm sosyete a

25 Ki aksyon ki te yon rezilta lòt twa yo?

- (1) Politik lagè soumaren Almay san restriksyon
- (2) Etazini te antre nan Premye Gè Mondyal
- (3) entèsèpsyon Nòt Zimmermann
- (4) prè Etazini pou nasyon alye yo

26 Vòt Sena Etazini sou Trete Vèsay (1919) te montre

- (1) yon retisans pou antre nan Lig Nasyon
- (2) yon angajman pou sekirite kolektif
- (3) yon konviksyon ki endike nasyon an te bezwen yon fòs lame ki pi puisan
- (4) yon rejè kolonyalis

27 Ki devlopman ki pi montre aklè atitud nativis ki te egziste Ozetazini nan ane 1920 yo?

- (1) limit sou imigrasyon Lwa Kota a te detèmine
- (2) politik gouvènman federal la anfavè biznis yo
- (3) reyalizasyon atistik ak literè Renesans Harlem
- (4) konfli ant relijyon ak syans jan sa endike nan Pwosè Scopes

28 Ki objektif primè mouvman ki te reprezante ratifikasyon yon amannman konstitisyonèl ki te otorize Pwoyibisyon?

- (1) abolisyonis
- (2) Popilis
- (3) tanperans
- (4) sant edikasyon ak lwazi nan katye popilè

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

OH, SE WA YON MAREN LI YE!



Sous: J. N. "Ding" Darling, *Des Moines Register*, March 29, 1937 (adapte)

29 Desen komik lan montre mekontantman Prezidan Franklin D. Roosevelt avèk

- (1) Kongrè a k ap mennen nasyon nan Dezyèm Gè Mondyal
- (2) Kongrè a k ap reziste kont pwopozisyon pou ranfòse flòt la
- (3) Pwogram Nyoudil y ap deklare ki pa konstitisyonèl
- (4) ki pa anmezi pou lonmen minorite yo nan Tribinal Siprèm

- 30 Lwa Netralite ane 1930 yo montre efò Kongrè a pou
- (1) rejte kondisyon Pak Kellogg-Briand
 - (2) evite erè politik etranje ki te mennen peyi a nan Premye Gè Mondyal
 - (3) fòme alyans militè avèk lòt nasyon demokratik
 - (4) ranfòse fòs lame ameriken kont diktatè ewopeyen yo
- 31 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, Pwojè Manhattan se te non plan pou
- (1) louvri yon dezyèm fwon nan Ewòp
 - (2) kaptire zile Pasifik yo Japonè yo te pran yo
 - (3) devlope bonm atomik
 - (4) libere kan konsantrasyon alman yo
- 32 Fanm yo te jwe yon wòl prensipal nan fwon domestik la pandan Dezyèm Gè Mondyal la lè yo te
- (1) vin kandida pou fonksyon piblik
 - (2) fè kanpay pou dwa pou fanm vote
 - (3) fè manifestasyon kont patisipasyon nan lagè
 - (4) pran djòb nan endistri defans lan
- 33 Ki deklarasyon ki pi egzat konsènan Plan Marshall?
- (1) Yo te itilize li pou finanse re-militarizasyon apre Dezyèm Gè Mondyal la.
 - (2) Yo te refize li pou tout ansyen lennmi Dezyèm Gè Mondyal.
 - (3) Yo te itilize li pou rekonstwi nasyon yo Dezyèm Gè Mondyal la.
 - (4) Yo te bay li pou tout alye afriken ak azyatik pandan Gèfwad la.
- 34 Revòlt Hongwa ane 1956 la, ensidan U-2 a, ak kriz misil kiben an te lakòz
- (1) Òganizasyon Trete Azi-di-Sid (SEATO) te fè aksyon militè
 - (2) te ogmante tansyon ant Etazini ak Inyon Sovyetik
 - (3) efò entènasyonal pou kontwole Lachin kominis
 - (4) kreyasyon Pak Vasovi

- 35 Tribinal Siprèm Etazini anba Prezidan Earl Warren (1953-1969) te pran plizyè desizyon enpòtan ki te
- (1) lakòz kritik poutèt li sipòte dwa Eta yo
 - (2) afebli pouvwa gouvènman federal la
 - (3) ranfòse otorite lapolis
 - (4) te ogmante dwa moun yo

- 36 Bebiboum apre Dezyèm Gè Mondyal te lakòz dirèkteman
- (1) yon diminisyon nan depans pou edikasyon piblik
 - (2) yon retou nan mòdvi rural
 - (3) yon ogmantasyon nan demann pou lojman
 - (4) yon diminisyon nan depans pou konsomasyon

Sèvi ak tablo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou kesyon 37.


Lejislasyon Gran Sosyete

Lejislasyon	Objektif
Lwa sou Opòtinite Ekonomik	Te kreye pwogram tankou Job Corps ak Pwojè Head Start
Lwa sou Dwa pou Vote	Te mete yon pwen final nan restriksyon ki baze sou ras
Lwa sou Medicare/ Medicaid	Te ofri pwoteksyon medikal pou granmoun ajè yo ak pou Ameriken pòv yo

- 37 Lejislasyon ki idantifye nan tablo sa a te se yon efò pou rezoud pwoblèm ki asosye avèk
- (1) imigrasyon ilegal ak teworis
 - (2) povrete ak diskriminasyon
 - (3) analfabetis ak abi domestik
 - (4) defisi bidjetè ak grangou

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 38 ak 39.

Ratifikasyon Eta a sou Amanman pou Dwa Egalego (ERA): 1972–1982



Sous: Edward L. Ayers et al., *American Passages: A History of the United States*, Wadsworth, Cengage Learning, 2009 (adapte)

38 Selon kat jeyografik sa a, Amanman pou Dwa Egal (ERA) te resevwa dènnye sipò li nan

- (1) eta Rocky Mountain yo
- (2) eta Lakòt Pasifik yo
- (3) eta nòdès yo
- (4) eta sidès yo

39 Selon kat jeyografik sa a, yo pa t ajoute amanman ki te pwopoze pou dwa egal la nan Konstitisyon an paske

- (1) twò piti eta New England yo te sipòte li
- (2) mwens pase twa-ka eta yo te ratifye li
- (3) prezidan an te mete dwa veto sou pasaj amanman an
- (4) Idaho, Nebraska, ak Kentucky pa t janm òganize yon vòt ratifikasyon

40 Ki aksyon ki te reprezante yon reyalizasyon politik etranje enpòtan Prezidan Jimmy Carter?

- (1) rezoud kriz Suez la
- (2) retire Etazini nan Lagè Vyetnam
- (3) kreye relasyon avèk Iran
- (4) fè medyasyon sou Akò Camp David ant Ejip ak Izrayèl

41 Prezidan Ronald Reagan te itilize konsèp politik ekonomik òf lè li te pwopoze

- (1) rediksyon taks sou revni pou ankouraje kwasans
- (2) bay peman dirèk pou moun k ap viv nan povrete
- (3) kreye djòb gouvènman pou fè moun yo toujou ap travay
- (4) ogmante règleman sou biznis yo pou ankouraje konpetisyon

42 Ki aksyon ki te vin reprezante yon pwen final nan Gèfwad?

- (1) kreyasyon Peace Corps
- (2) reyalizasyon yon trèv na Lagè Koreyen
- (3) demolisman Miray Bèlen
- (4) amelyorasyon relasyon Etazini avèk Lachin

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43.



Sous: Mike Lane, *Baltimore Sun*, June 30, 2005

43 Lide prensipal komik sa a konsènan Lagè Irak la sèke

- (1) piblik ameriken an pa ta dwe sipòte objektif prezidan an ankò
- (2) Prezidan George W. Bush te deklare laviktwa twò bonè
- (3) Twoup ameriken yo ta dwe retounen lakay yo twò bonè
- (4) kreyasyon yon gouvènman demokratik pa reprezante objektif lagè a ankò

44 Ki lagè ki pi asosye avèk aparasyon Etazini kòm yon puisans mondyal?

- (1) Lagè 1812
- (2) Lagè Meksiken
- (3) Lagè Sivil
- (4) Lagè Panyòl-Ameriken

45 Sispanyon abeyas-kòpous Prezidan Abraham Lincoln ak dekrè Prezidan Franklin D. Roosevelt ki te fòse Japonè-Ameriken yo antre nan kan entènman montre

- (1) dwa konstitisyonèl yo kapab limite pandan tan lagè
- (2) Kongrè a kapab pase lwa ki limite pouvwa yon prezidan ki fò
- (3) imigran yo pwoteje nan menm dwa konstitisyonèl avèk sitwayen ameriken yo
- (4) yo dwe soumèt aksyon prezidansyèl yo ba Tribinal Siprèm pou apwobasyon

46 Politik pou idantifye Endyen-Ameriken Natifnatal yo anba Lwa Dawes (1887) te ranvèse nan lejislasyon 20yèm syèk la ki

- (1) te bay Endyen-Ameriken natifnatal yo pi gwo kontwòl sou pwòp rezèv yo.
- (2) te ede demenaje Endyen-Ameriken natifnatal yo nan gwo vil yo.
- (3) te separe tribi endyen-ameriken natifnatal yo lè yo te bay chak fanmi pwòp tè li
- (4) te fòse pitit Endyen-Ameriken natifnatal yo pou yo edike lwen fanmi yo

47 **“Pwokirè Jeneral Palmer Depòte 249 Etranje” (1919)**
“Nixon Akize Alger Hiss kòm moun k ap fè Espyonaj” (1948)
“Yo te Egzekite Rosenbergs pou Trayizon” (1953)

Chak nan tit sa yo montre pandan 20yèm syèk la

- (1) dwa akize yo te ogmante
- (2) kantite manm yo te ogmante anpil nan gwoup yo te konsidere kòm gwoup ki tapajè
- (3) sansi se te politik primè gouvènman an
- (4) laperèz aktivite kominis te pwovoke aksyon gouvènman an

48 Ki pwoblèm ki te lakòz koutzam Jeneral Douglas MacArthur nan ane 1951 ak pasaj Lwa 1973 sou Pouvwa Lagè?

- (1) limit jidisyè sou libète lapawòl
- (2) enfliyans medya sou politik bidjetè
- (3) otorite prezidan an kòm kòmandan-an-chèf
- (4) devlopman konplèks militè-endistriyèl

49 Kijan eleksyon prezidansyèl ane 2000 lan te sanble ak eleksyon prezidansyèl ane 1824 ak 1876?

- (1) Kontaj vòt elektoral la te mete yon mwen final nan yon egalite.
- (2) Kandida twazyèm pati a te genyen plizyè vòt elektoral.
- (3) Gayan vòt popilè a pa vin prezidan.
- (4) Sena Etazini te chwazi gayan an.

50 Yon gwo fason kote Lwa sou Dwa Sivil yo (1964) ak Lwa Anfavè Ameriken Andikape (1990) sanble sèke toulède lwa yo

- (1) te deziyen pou retire Ameriken yo nan povrete
- (2) pa t pase revizyon konstitisyonèl Tribinal Siprèm
- (3) te bay yon gwoup minoritè dwa pou vote apre plizyè ane pwotestasyon
- (4) te bay pwoteksyon egalego pou gwoup ki te viktim diskriminasyon

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon an nan tiliv redaksyon apa a.

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a ak yon konklizyon.

Tèm: Chanje Amanman Konstitisyonèl

Lè Papa Fondatè yo t ap ekri Konstitisyon Etazini, yo te ajoute pwosesis amannman an. Amanman yo te pase yo te mennen chanjman politik, sosyal ak ekonomik nan sosyete ameriken an.

Sa pou fè:

Chwazi *de* amannman konstitisyonèl ki te chanje sosyete ameriken an epi pou yo *chak*

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz adopsyon amannman an
- Diskite sou chanjman politik, sosyal, *ak/oswa* ekonomik amannman te pote nan sosyete ameriken an

Ou kapab itilize amannman konstitisyonèl ki te chanje sosyete ameriken an. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere: 13yèm amannman (abolisyon esklavaj, 1865), 17yèm amannman (eleksyon dirèk senatè yo, 1913), 18yèm amannman (Pwoyibisyon, 1919), 19yèm amannman (dwa pou fanm yo vote, 1920) 22yèm amannman (limit manda prezidansyèl, 1951), 24yèm amannman (eliminasyon taks lokal, 1964), epi 26yèm amannman (dwa vòt pou sitwayen 18 tan yo, 1971).

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou:

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp, ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

Nan devlopman repons pou Pati II, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “ilistre yon gaya an mo oswa di kichòy sou li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa a:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pou anpil Ameriken, ane 1920 yo se te peryòd dizan pwosperite ak konfyans. Men, nan fen peryòd dizan an, chanjman politik, sosyal ak ekonomik te kòmanse, sa ki te kreye yon Lamerik diferan nèt nan ane 1930 yo.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

- Diskite sou diferans *ak/oswa* resanblans nan sosyete ameriken an ant ane 1920 yo ak ane 1930 yo

Pati A

Kesyon ak Repons Kout


Enstriksyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

Wi, mesye, Li se Bebe Mwen!



Sous: Andrew Cayton et al.,
America: Pathways to the Present,
Prentice Hall, 1995 (adapte)



Sous: Daniel R. Fitzpatrick, *St. Louis Post-Dispatch*,
September 21, 1924

1 Selon komik sa yo, ki relasyon ant administrasyon Prezidan Calvin Coolidge ak gwo biznis yo nan ane 1920 yo? [1]

Score

Dokiman 2

...Epi avèk ki “pwòp lavi” [fanm] sa yo te sanble? Ebyen, pou yon bagay, yo te ka pran djòb yo. Jouk nan tan sa a, ti fi klas mwayèn yo ki te vle “fè kichòy” te jwenn gwo restriksyon nan ansèyman lekòl, nan travay sèvis sosyal, nan sèvis enfimyè, nan estenografi, ak nan travay biwo nan mezon biznis yo. Men kounye a, yo chaje lekòl ak kolèj yo an nan tout mannyè nouvo metye. Yo te asyeje biwo mezon edisyon ak ajans piblisite yo; yo te ale nan jesyon sal te a jouk lè yo te jwenn menas pou yo pi founisè [vandè] pase konsomatè pate poul ak pen kanèl griye; yo te vann mèb ansyen yo, yo te vann byen imobilye, yo te louvri ti magazen grenn, epi finalman yo te anvayi gran magazen yo. Nan ane 1920, gran magazen an te nan lide ti fi kolèj mwayen an alapas enstitisyon boujwa a [klas mwayèn] ki te anplwaye “vandèz pòv yo”; nan fen peryòd dizan an, ti fi kolèj yo te kanpe anliy pou ouvèti yo nan depatman rad espòtif demwazèl epi yo te menm vann dèyè kontwa nan lespwa yon jou fòtin ta ka souri pou yo epi fè yo vin achtè oswa estilis. Ti fi ti vil ki te konn kontante yo pou rete nan Sauk Centre [Minnesota] tout lajounen yo te kounye a prete lajan nan men papa yo pou ale nan New York oswa nan Chicago pou chèche fòtin nan Best’s oswa nan Macy’s oswa nan Marshall Field’s. Fanm marye ki te chaje avèk [fado] timoun epi ki pa t ka chèche djòb te konsole tèt yo avèk panse ki endike antretyen kay ak fè pitit se te vrè “metye,” yo apre tout bagay. Nan yon pwent peyi a ak lòt pwent lan, sou tab dejene yo, yo pa t tèlman diskite sou okenn sijè avèk kòlè kòm kesyon pou konnen si fanm marye yo ta dwe pran yon djòb, ak si manman an te gen dwa pou sa. Epi konsènan fanm ki pa t marye a, li pa t gen pou eksplike ankò pou kisa li te travay nan yon magazen oswa nan yon biwo; se te parès, jodi a, yo te dwe defann sa....

Sous: Frederick Lewis Allen, *Only Yesterday: An Informal History of the 1920s*, Harper and Row, 1931

2 Selon Frederick Lewis Allen, ki **yon** fason lavi fanm klas mwayèn yo te chanje nan ane 1920 yo? [1]

Score

Dokiman 3

Howard Johnson se te yon editè jounal ameriken nwa.

...Moman an te pare pou yon renesans nan epòk sa a. Apre defèt Kaiser nan Alman [nan Premye Gè Mondyal], yon lespri optimis ak atant pozitif te gaye nan Harlem. Alye yo te pote laviktwa nan lagè a pou demokrasi, kidonk kounye se te lè pou yon bagay te rive nan Lamerik pou chanje sistèm segregasyon an ak lenchaj ki t ap vanse. Nan Ewòp, yo te akeyi twoup nwa [Ameriken nwa] yo kòm liberatè; kidonk lè yo te retounen nan Lamerik, yo te detèmine pou kreye yon sityasyon ki ta estime eslogan yo t ap batay pou li a. Yo te vle demokrasi lakay yo Ozetazini. Epi lide jeneral sa a te ede alimante konsèp “Renesans Lan.”...

Anpil moun t ap mande kijan yo ta ka gen kontantman ak optimis nan yon kominote anba kondisyon segregasyon ak diskriminasyon. Men kominote moun nwa yo te gen de (2) fòs trè enpòtan ki te pèmèt li siviv ak grandi. Youn nan fòs yo se te legliz, kote ou te jwenn levanjil ak espiritiyèl, ki te enspiratè nan kontni debaz yo. Epi lòt fòs la se te monn amizman an, kote ou te jwenn mizik kote layik la, ki te ekspriye nan djaz....

Sous: Howard Johnson, interviewed in Jennings and Brewster, *The Century*, Doubleday, 1998

3a Selon Howard Johnson, ki te **yon** efè Premye Gè Mondyal sou kominote moun nwa yo? [1]

Score

b Selon Howard Johnson, ki te **yon** faktè ki te ede kominote moun nwa yo pandan ane 1920 yo? [1]

Score



Sous: Carey Orr, *Chicago Tribune*, 1924 (adapte)

4 Endike *yon* kritik desinatè imoristik sa a fè konsènan jenerasyon ane 1920 yo. [1]

Score

Dokiman 5a

I. W. Burnham se te yon ajan chanj Wall Street.

...Moun yo t ap fè anpil lajan sou mache aksyon ou ta ka santi li enpe lè ou te vizite kliyan yo oswa lè ou t e fè livrezon. Tout moun te vrèman, vrèman okipe, epi yo te santi yo trè byen konsènan tèt yo. Se te nan epòk sa a piblik la te vin pi enterese nan mache a pase jan yo te enterese. Pri aksyon yo t ap ogmante yon fason trè estab, epi menmsi se te toujou sitou moun rich ki t ap investi, moun mwayen an t ap kòmanse tandè zanmi yo k ap reyalize \$20,000 oswa \$30,000 pandan lannwit. Te gen espèkilasyon andemik [jeneralize], epi si ou te vle patisipe tout sa ou te gen pou fè se te mete 10 pousan lajan epi yon koutye ta ka kouvri rès la....

Sous: I. W. Burnham, interviewed in Jennings and Brewster, *The Century*, Doubleday, 1998 (adapte)

5a Selon I. W. Burnham, kisa ki te **yon** rezon ki te fè piblik la te vin pi enterese nan mache estòk la nan ane 1920 yo? [1]

Score

Dokiman 5b


. . . Kritik gwo biznis yo nan ane 1920 yo te pa t konsantre sèlman sou ogmantasyon nan konsantrasyon, men tou sou reyalyte ki endike avantaj inovasyon teknoloji yo te distribiye egalego san okenn mwayen. Pwofi ak dividann sosyete yo te depase nèt ogmantasyon nan salè yo, epi malgre gwo rannman peryòd la, te gen yon kantite nan chomaj ki te enkyetan. Nan nenpòt moman nan “ane fòl yo,” ant 7 a 12 pousan moun te nan chomaj. Travayè faktori ki te nan endistri “malad” [fèb] yo tankou chabon, kui, ak tekstil te wè enpe nan bon tan [pwospè] yo. Ni moun nwa yo [Ameriken nwa yo] ki te nan ansyen bilding geto to, ni Ispanik ki te nan katye latino-ameriken repiyan Los Angeles oswa El Paso, oswa Ameriken natifnatal yo pa t abandone sou rezèv dezole yo. Loray Mill nan Gastonia, North Carolina, espas yon grèv ki te vèsè san moun nan ane 1929, te peye travayè li yo ane sa a yon salè \$18 pa semèn pou gason yo ak \$9 pou fanm yo pou yon travay 70 èdtan pa semèn. Nan pifò pwosperite Coolidge, sekretè Chanm Komès Gastonia te fè konnen timoun katòzan yo te gen pèmasyon pou travay sèlman 11 èdtan pa jou. Pètèt apeprè de (2) milyon ti gason ak ti fi ki potko gen laj kenzan te kontinye ap travay di nan moulen twal, marè kànbej, ak nan chan bètrav. Nan ane 1929, 71 pousan fanmi ameriken yo te gen revni ki te mwens pase \$2,500, epi anjeneral, yo te panse revni sa a te dwe estanda minimòm pou yon mòdvi desan. 36,000 fanmi pi rich yo te resevwa apeprè menm revni ak 12,000,000 fanmi, 42 pousan tout moun nan Lamerik ki te resevwa mwens pase \$1,500 chak ane, anba liy povrete a. . . .

Sous: William E. Leuchtenburg, *The Perils of Prosperity, 1914–1932*, University of Chicago Press

5b Selon William Leuchtenburg, kisa ki te **yon** pwoblèm ekonomik ane 1920 yo? [1]

Score

Dokiman 6



Sous: *Historical Statistics of the United States* (adapte)

6 Selon enfòmasyon ki nan tablo sa yo, endike **yon** tandans ekonomik kòmansman ane 1930 yo. [1]

Score

Dokiman 7a

Bruce Craven reponn youn nan konvèsasyon Prezidan Franklin D. Roosevelt nan kwen dife.

25 JIYÈ 1933

Chè Msye, Prezidan;

...Ou bliye nonm yo bliye a, si yo te janm sonje li vrèman. Mwen se yon avoka apwouve pou Federal Land Bank, epi nan piblikasyon enfòmasyon konsènan nouvo lejislasyon pou prè, ti nonm nan te vin wè mwen san siksè avèk lespwa yo te sonje li finalman. Li se reprezantan anpil milye kiltivatè nan North Carolina, ki posede pètèt 50 ak tèt epi k ap fè tout sa li kapab, epi li pral pèdi bitasyon li akòz yon prè ipotekè. Men pou jwenn lajan prete, li oblije peye \$20 davans pou evalyasyon, ak yon lòt \$10 pou yon apantaj, epi li pa gen kantite lajan kach sa a ankò jan li gen lalin. Mwen te voye yon nòt ki sòti nan biwo Mesye [Sekretè Trezò Henry] Morgenthau ba tout moun sou sa, epi pèsòn pa enterese. Lide dominan an sanble si yon nonm pòv konsa, li ta dwe rete pòv.

Anvan nenpòt prè sa a ak anvan yo vote lejislasyon sou travo piblik, mwen te ekri ou pou fè ou konnen ou te dwe mete omwen yon kreyati imen nan chak enstitisyon sipèvizyon, epi pou sa mwen te vle di yon nonm ki konnen vrèman genyen yon “ti nonm” nan nasyon sa a epi li pa t janm gen chans san patipri, epi li merite youn. Epoutan mwen swete ou ka sonje ti nonm sa a yo bliye a, ki pa gen pèsòn nan gwo plas yo pou fè zanmi ak li.

Mwen voye anpil salitasyon pou ou,

Bruce Craven
Trinity, North Carolina

Sous: Levine and Levine, *The People and the President: America's Conversation with FDR*, Beacon Press, 2002

7a Selon Bruce Craven, pou kisa “nonm yo bliye a” bezwen èd? [1]

Score

Dokiman 7b



7b Selon komik sa a, ki relasyon ant “nonm yo bliye a” ak Prezidan Franklin D. Roosevelt? [1]

Score

Dokiman 8a

... Fanm k ap travay yo okòmansman te pèdi djòb yo nan yon ritm ki pi rapid pase gason yo, answit yo te retounen sou mache travay pi vit. Nan premye ane Depresyon an, anpil patwon, ak gouvènman federal tou, te eseye distribiye kalite travay yo te genyen ba chèf kay yo. Sa vle di revoke nenpòt fanm marye yo te idantifye kòm sipò “segondè” yon fanmi. Men segregasyon seksyèl nan modèl travay ki te deja byen etabli anvan Depresyon an te travay nan avantaj fanm yo. Endistri lou yo te soufri chomaj ki pi grav la, men yon fason pwopòsyonèl yon ti kantite fanm te antreteni wofouno nan moulen asye yo oswa yo t ap pèse rivèt sou chèn montaj yo oswa yo t ap kout mato nan metye konstriksyon an. Men, pwofesyon ansèyman an, kote fanm yo te pi konsantre epi kidonk ki te reprezante yon gwo majorite anplwaye yo, te soufri rediksyon salè men sèlman pèt djòb minimal yo. Epi tandans anba-anba ekonomi an te vle di ki nouvo djòb ki te vin disponib nan ane 1930 yo, tankou operasyon estanda telefonik, ak travay biwo, te apwopriye sitou pou fanm yo....

Sous: David M. Kennedy, *Freedom From Fear: The American People in Depression and War, 1929–1945*, Oxford University Press

8a Selon David M. Kennedy, kisa ki te **yon** efè ekonomik Depresyon an sou fanm yo? [1]

Score

Dokiman 8b

. . . Menmsi amelyorasyon pou moun nwa yo [Ameriken Nwa yo] te limite gravman toutbon pandan Gran Depresyon an, yo te fasil pou vizib [fasil pou wè]. Nan mwa me 1935, lè “Dezyèm Nyoudil” la t ap kòmanse, Prezidan [Franklin D.] Roosevelt te pibliye Dekrè 7046, ki te entèdi diskriminasyon sou pwojè nouvo Administrasyon Pwogrè Travay yo. Diskriminasyon t ap kontinye, men WPA te pwouve li se yon bon okazyon pou anpil moun nwa. Nan dènye ane trant yo [ane 1930 yo], ant 15 ak 20 pousan moun ki t ap travay pou ajans lan se te moun nwa, menmsi moun nwa yo te reprezante mwen pase 10 pousan popilasyon nasyonal la. Sètènman, sa se te yon reprezantasyon kantite moun nwa ki te gen mwens lajan pase moun blan yo, men WPA pa t pèmèt anpil moun nwa yo siviv. Plis pase sa, menm salè minimòm \$12 pa semèn PWA te de (2) fwa salè minimòm anpil moun nwa yo t ap touche anvan.

Administrasyon Travo Piblik Harold Ickes te bay lokatè nwa yo plis pase yon pati onèt lojman piblik li te bati yo. PWA te voye jouk lè sa konstwi plizyè pwojè lojman entegre. Pewòl konstriksyon PWA te trete moun nwa yo san patipri. Kèk 31 pousan salè PWA nan ane 1936 te ale nan pòch travayè nwa yo. Ickes te itilize pou premye fwa yon sistèm kota ki te mande pou anboche moun nwa yo an pwopòsyon parapò ak kantite yo nan fòs travay lokal la. Komisyon Pratik Travay san Patipri lagè a te swiv egzanp sa a ankò (omwen nan teyori), epitou yo swiv egzanp lan nan lejislasyon dwa sivil yo ak nan desizyon tribinal nan ane 1960 yo ak nan ane 1970 yo. . . .

Sous: Robert McElvaine, *The Great Depression: America, 1929–1941*, Three Rivers Press

8b Selon Robert McElvaine, kisa ki te **yon** fason Nyoudil la te afekte Ameriken Nwa yo sou plan ekonomik? [1]

Score

Dokiman 9

...Nan yon efò pou estimile ekonomi an, [Prezidan Franklin D.] Roosevelt te anonse yon gwo pwogram federal pou 'fè depans ak prete moun lajan'. Dapre Lwa Apwopriyasyon pou Soulajman Akòz Ijans [1938], Kongrè a te afekte \$3.75 milya pou travo piblik ak devlopman endistriyèl. De (2) endistri, tekstil ak asye, te pran avantaj imedyat 'amòsaj' sa a (jan Roosevelt te rele li), epi yo te wè yon ogmantasyon nan pwodiksyon yo. Endistri bòt ak soulye te parèt apre, menm jan ak endistri konstriksyon. Nan fen ane a [1938], konstriksyon kay pou moun abite te bat tout dènye rekò yo. Menm konpayi chemennfè ki te gen anpil pwoblèm te anmezi pou pran avantaj enjeksyon federal lajan kach la, avèk rezilta ki te montre yo te anmezi pou abandone yon 15 pousan rediksyon salè ki te deja anonse, sa te ka sèlman ajoute nan difikilte yo....

Sous: Martin Gilbert, *A History of the Twentieth Century: Volume Two: 1933–1951*, HarperCollins, London

9 Selon Martin Gilbert, kisa ki te **yon** efè politik endistri Prezidan Franklin D. Roosevelt? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti nan *omwen senk* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp, ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pou anpil Ameriken, ane 1920 yo se te peryòd dizan pwosperite ak konfyans. Men, nan fen peryòd dizan an, chanjman politik, sosyal ak ekonomik te kòmanse, sa ki te kreye yon Lamerik diferan nèt nan ane 1930 yo.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote w ap

- Diskite sou diferans *ak/oswa* resanblans nan sosyete ameriken an ant ane 1920 yo ak ane 1930 yo

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou:

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen senk* dokiman
- Mete lòt enfòmasyon enpòtan ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp, ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

